

Pembantoe sareng agen:
 Priangan koelon
 Bestuur Pasoendan Bogor.
 di Tjandjoer
 Bestuur Pasoendan Tjandjoer.
 Priangan tengah
 H. B. Pasoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjatak di Drakkerij Sefapost Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
 Priangan wetan
 Bestuur Pasoendan Tjamis.
 Djawa wetan
 Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA
 ATMAWINATA
 Redaktoer di Batawi
SQERADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
 POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangos ADVERTENTIE:
 1/10 katja f 2,50 } Sakali moerat
 1/32 " f 1,50 } dibajar ti pajora
 Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih 50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

GRATIS.

Oepami ngintoen ti ajeuna f 1.50 atanapi langkoeng anggoeun langganan Sip., di kintoen Sipatahoenan gratis ti ajeuna doegi ka ping 1 April '28.

Advertentie Boboran Siam.

Para Djoeragan noe ngintoen f 0.50 sareng kartjis, djenengana dilebetkeun kana Sipatahoenan minangka batoer silatoerahmi ka sadaya. Modelna sapertos biasa ten keuing langkoeng ti 4 djadar sakolom. Oepami palaj langkoeng ageung taripna beuten.
 Ieu atoran katjida ngentengkeunana ka para Djoeragan margi oepami ngalaleuh kartjis sareng parangkoh mah sabaraha sesahna sareng sabaraha ongkosna.
 Katampina ieu tjonto advertentie kedah paling lat ping 25 Siam atauapi ping 17 Maart '28.

Beurang djeung peuting.

Toean Zeilings.

Ieu toean baretna djadi President Javasche Bank di oerang sarta teu koerang ti 85 taoen di oerang teuh. Noeroetkeun pokpokanana ajeuna mah, estoe patoekang toekang pisan djeung President noe ajeuna. Ari ieu mah katjida noker uodjeru ka oerang pribomei, geuling geus aja doa tiloe kalua koe koering didjieu tarjita dina Sip. tina hal kasaoerana, tapi deui toean Zeilings katjida ngambang ngambangna kawa tjenti pribomei teh dina waktos diinterview (ditros) koe correspondent Locomotief, malah dikabarkeun dina oenggal soerat kabar oge.

Tina perkara Inlandsche Volkraads-meerderheid andjeunna katjida pandoepona, sarta njeboetkeun "sama-sakali" teu aja pibahlaunana pikeun oerang Walanda teh, suggoer mah koedoe soerak, nganoepakatan kawa eta voorstel; kabinangkitanana doortasterdina toean Baer noe ajeuna. Saorna deui, katjida pisan sasabua walanda noe mikabajang soepaja oerang pribomei noe 50 joeta tea, dina sagalana koedoe noeroet sakoe-maha kahajangna Walanda 50000 noe sja di dieu. Eta mah katjida teuing minjoeakna. Oerang, saorna, koe doe ngingetkeun jen oerang pribomei teh perloe keneh makeua leiding bangsa oerang, lamoen teu dioeroes koe oerang koe saha deui. Nja kitoe deui sawahna bangsaana perloe pisan ngabogaan, tanah Indonesia marentah oerang pribomei geusan hiroep.

Djadi saroea pada perloeana. anoe matak koedoe sili eledan.

Kitoe kasaoerana teh tjenah. Nilik ieu bedja, bet koering mah asa ngadengekeun Walanda njarita, da ari kaulobaanana anoe sok tjatjal-wakan dina kabar teh djiga lain Walanda, tapi wawalandaan anoe teu ugingetkeun kana kabardjaan dirina djeung kolonina, seubeuhna ngu-nahna teh tjara noe teu hajang mandjang, djiga noe mangpang-meung-peung.

Moen sarere tjara toean Zeilings, daek ngaragap angen sorangan, nja teu wadode oge rada oentoeng keur tanah Indonesia teh. Djeungna deui masing tjek noe koerang hideng oge, da koedoe kitoe ari roemasa djadi djelema klas satoe mah, koedoe siju

toeroen harkat, djeung koedoe hajang lambat-lamboet, celah ngarah sapob-euu.

Poegneh, ari djaceh keneh mah kana kuhajang sorangan teh, sanadjan pikiran toean Zeilings oge, atoech da moal enja aja bangsa deungeun, anoe mihemanna ka awak oerang tjara oerang pribadi. Kanjaah pantar kieu mah, celah ngarap-ngarep djol ti batoer, taja petana aja, pamohalan, da koedoe djol ti noe ngawakan.

Kitoe sababna noe matak koering rada moedji teh; geura mangga oepama ngabandoengan bari diauding uading djeung kasaoeran kantjau.

TOEAN ZWART

estoe beurang reudjeung peuting, pakia kianna teh. Tjopi bae dangoe-keun, waktos andjeunna diinterview koe Ind. Courant.
 Geura mangga ieu satagian, anoe pantes pisan djadi pertimbangan djeung pikiraneun sarere, koemaha kasaoerana djelema noe geus meunang kameoljau di tanah oerang, djeung koemaha moeing tarimana. Saorna kieu kira-kira: Katjida panglingna koe kaajaan di dieu, bareto mah tara pisan kitoe taadjak-ua oerang pribomei ka bangsa Walanda teh, boh dina rengkolina boh dina pokpokanana. Bet ari ajeuna mah kitoe pisan, tjatjan di Holan oge tara aja noe kitoe Lamoen seug koering mah dikitoekeun, dadak sakala meureun diwaktjab bari dibere bueroehan samistina, sarta moal deui deui mirira noe pantar kitoe. (B. T. 17 Februari)

Toeh, geura mangga, eta kasaoeran pantar kitoe pararedesna, aboug-aboug letah oelal-elol teu toelangau, teu aja pisan aja pikir kadoea leutikna. Tjattakan oerang panggoeng mah (gep. lid Raad v. Indie), katjida teu moenasabanna, katoerog-toerog tatjau sabaraha liana ninggalkeun tanah Indonesia anjar keneh naker. Sama sakali teu boga pisan pikiran, jenu anoe bodo koedoe aja madjoena (noeroetkeun natuur), noe bahloe aja hidengna, pirakoe saendeng-endeng koedoe tjitjing bae dina kabinaan mah. Atoech meudjeuhna bae madjoe sakitoe mah; komo moen madjoe tjara deungeun-deungeun djadi tjartana teh. Hajoh ajeuna ngabrutal-brutal ka oerang pribomei, bet asa pondok pikiran. Madjarkeun teh di Holan mah bedienden teh teu kitoe.

Ieu oge bet beda djeung noe sok kadenge koe koering. da ari koe bedja mah komo gadek gadek di ditoe mah koedoe satata pisan, sarere daharna, tara daekun dibeda-beda katoerog toerog kana titahan oge, ari merekpek-merekpek teuing mah, sanadjan ka doengongan oge. teu luggis ujuwuweuw. Lamoen dititah salamangsa, lain dina waktoena, tjadoe daek. Kitoe deui noe djadi doengongan dina prakua marentah, pokna teh lain bevelen tapi verzoeken.

Ari kitoe teh leuwih beleef di batan di oerang?

Pirakoe bohong eta noe njarita ka koering teh, da lain saorna-g bae, djeung toto pada toto deui, tjara Toean Zwart.

Ieu mah estoe didjieu djieu sagala ditjokelan, pikeun njoelan bangsa oerang teh. Abong deui, teungtuingeun, ssana.

Kitoe deui taladjakna bangsa Ind. Intellectueelen ka arandjeunna (Walanda), na koedoe koemaha atoech, kapac geus noeroet Holl. etiket anoe diarangke sapob-poena. Ari kce njeun etiket baroe mah pikeun oerang pribomei ka arandjeunna, asa

kabina-bina.
 Djeungna deui kapan loba pasaliana tata pribomei djeung saranehna teh, anoe tjek oerang sok katamp-ua koe itoe tjoekeuh.

Anoe matak leuwih ti wadjib, pikeun anoe geus deuing kana tata Walanda mah, dimana tjatjarita djeung bangsa Eroepaan, koedoe make Holl. etiket bae. Koe bae moutong diwaro kasaoeran noe meiding sanak mah.

Deui saorna teh kira kira kieu: "Dina prakua mare gadjih ka oerang pribomei djeung bangsa Indo, teu koedoe kasaoerakeun sanadjan saroea geuwana djeung saroea prestasieu oge. sabab kapuloerana oerang pribomei moal bisa saroea djeung oerang Indo, sanadjan behefta. Jalanders geus katjida tambahna!"

Pokpokanana kieu teh kadoea pehak oge lain ngalajeutkeun, tapi ngareng-gangkeun nitah pamaran, da sarere oge pada hajang ngabalau hakna. Tapi ari koe tjatjarita kitoe mah, tang-tue nitah pasea. Katoering djoelig eta mah!!

Sakolong langit kabeh Indonesia, moal aja sapotoe oge bangsa Ind. Intellectueel, noe njeboetkeun atawa narima jen beheftesna sahandapeun behefte oerang Indo, anggoer leuwih loba, sabab dina voeding-opvoeding, kleeroe djeung sedjen sedjen bae noe geus tah, tapi moenggoeh oerang pribomei aja verplichting noe sedjen, nja eta diwaditjeu roemawat ka ahli ahli anoe soesah atawa teu bisa hiroepna koe lantaran roepa roepa sabab anoe sah. Tah wadjib ieu, di oerang Indo teu pati (meh) teu kaduleu.

Naha kira kiraca antara Indo djeung Inlander anoe sapantar ontwikkelingna beda beheftena?

Taroehan, saen lawan saketip, lamoen koerang beheftena bangsa Ki Haen, anggoeranan leuwih tea. Kapan ti bareto oge koe koering mindeng diladarkoen dina Sip.

Sadjaba ti anoe tadi, loba deui kasaoeran Toean Zwart anoe koedoe diladenan, tapi katoerog tjape gagang kalama. Engke deui bae soegau oerang samboeng.

Oca Nany.

Raad Kaboepaten Tasikmalaja.

Dinten Senen ping 20 Februari '28 Raad Kaboepaten Tasikmalaja parantos ngajakeun openbare vergadering di mandopo Kaboepaten Tasikmalaja. Vegadering ngawitan diboeka taboeh 9 langkoeng saparapat ending, lid-lid noe soemping aja 22 kasiangnakeun kawoewoeh deui 4. Noe teu soemping nja eta Djr. H. Hatome ti Tjawi, Djr. H. Sanoesi sareng Djr. G. Altmann. doeanana di Tasikmalaja.

Katjida matak reugreugna vergadering ajeuna mah, noe soemping seueur sareng sadajana ti Voorzitter doegi ka lid-lid sosen sosen sami hojong ngamadjeungeun kaboeapaten.

Ngawitan ngabarempagkeun notulen; saparantosna aja noe toemaros saeotak-saeantik lajeng disjahkeun sareng ditampi.

Ngalebetkeun (toelating) lima lid anjar nja eta Dr. Syrier sareng Djr. Moch. Enoch (benoeman) sareng Djr. Tanokoesoemah, Djr. Imang Mangkoeratmadja sareng Djr. Ahmad. Atmadja (lid dipilih). Teu aja pambeungan kitoe-kieu.

Djr. Moch. Enoch hatoer noehon

ka Djr. Voorzitter parantos moerstel andjeunna soepados dibenoem djadi lid sareng ka Toean Goepernoer, wih-reh parantos kersa ngabenoem andjeunna.

Serat-serat noe katampi diaos sareng teu pandjang ditjaroek.

Djr. Moch. Enoch dipilih djadi reng rengna Koemeter. kenging 20 soera sareng Djr. Moesa kenging 2 soera.

Djr. Moch. Enoch dibantoe koe Djr. Ahmad Atmadja moerstel soepados ro bahan begrooting dibarempagkeun ti pajoen. Verg. moepakat.

Djr. Voorzitter maos serat-serat ti Gedeputeerden.

Rarautjang begrooting teu disah keun. koe margi aja hantjeggan pikeun subsidie ka irrigatie desa f 3000 sareng ngomean solokan-selokan di Tasik f 8000,—

Djoer. Moch. Enoch njarice sanes sapertos Koemeter nanging sapertos lid biasa bae, Ngadamel poerstel soepados sajarigan anggoeun subsidie irrigatie desa f 3000, ditjaboet bae.

Andjeunna saues teu moepakat kana eta subsidie nanging ieu mah njoemponan kapalajna Gedeputeerden bae. Kekengingna ti pakoeloeeran-pakoeloeeran kedah dibegrooting f 1000.

Majar tjai waterleiding ka rroevicie dikirangan f 5000, margi eta tjai seueur noe moebah kapitjeun. Hydranten (pantjoeran-pantjoeran) kedah ditjoeop koe Provincie soepados bajaran na tjepak f 5515, Regentschap kedah majar pikeun 20 hydranten f 10515. Ieu diatang tjai keur njebor djaln, sareng tjai keur noeloengau noe kahoeoran.

Djaln teu patos perloe ditjabor, margi seueur noe diaspal sareng tjai pikeun noeloeng noe kahoeoran teu kedah dibajar, margi noeroetkeun brandweerverordeing (atoeran noeloeng kahoeoran) sakabeh tjai koedoe dihadiahkeun djadi teu koedoe di beuli pikeun mareunan kahoeoran.

Padjeg rame-rame dibegrooting f 9000,— djadi tambah f 2000,— Kaloerau pikeun gadjih personeel dikoe rangan f 1000,—. Doeit noe f 12000,— tambaha begrooting (sluitpost) ti Gue peremen kabeh pikeun ngeroes djaln sarta kaloeoran f 8000,—. pikeun solokan-selokan (rioleing) di Tasikmalaja tetep, lantaran ieu katimbang perloe pisan pikeun kasihatan oerang Tasikmalaja.

Oepami ieu poerstel katampi begrooting tiasa klop sareng njoemponan kana kapalajna Gedeputeerden.

Toean Barkey njarice jen solokan-selokan, di Tasikmalaja katjida perloe diladarkoen. Sareng Pamarentah kedah ngajakeun artosna.

Djr. Ahmad Atmadja njamboeng tjara sarana T. Barkey. Raad kedah njoehoeunkeun subsidie ka Pamarentah pikeun solokan-selokan di Tasikmalaja Pamarentah oge masihan subsidie ka Gemeente-gemeente oepamina Ban doeng pikeun ngadamel solokan-selokan di kota, Begrootingna sareng gamarna eta solokan-selokan njoehoeunkeun enggal-enggal dipidamel.

Djr. Voorzitter moepakat bade ngoe reeskeun.

Vergadering moepakat kana poerstel Djr. Moch. Enoch sareng notulen begrooting, sareng begrootingna ditampi.

Poerstel koemisi pasar ditjaboet sa heulaan lantaran noe kedah dirubah verordeningna, sana tarip taripna. Vergadering moepakat.

Perkawis masihan kalonggaran ka Djr. H. Pahroerodji celah majar artos rooi (padjeg ngadegkeun) Djr. Moch. Enoch teu moepakat bilih engke seueur deui djelema noe njoehoeunkeun kitoe. Langkoeng sae Djr. H. Pahroe

rodji majar padjeg adegan. lajeng eta dipasihkeun deui djadi subsidie kana sakola agama Djr. H. Pahroerodji.

Djr. Kartawidjaja sareng Djr. Wang sadikoesoemah njarice tina ieu perkawis vergadering moepakat kana masihan subsidie.

Masihna paidin ka Ambtenaar Centrale kas sareng Administrateur Bank pikeun make deuit weerstandsfonds pikeun gadjih personeel samemehna begrooting disahkeun, verg. moepakat saparantosna koe Djr. Voorzitter dite rangkeun jen maksadna ngajakeun weerstandsfonds di Credietwezen teh mimitina mah pikeun asperansie bae.

Ngesahkeun visioet Kdj. Dalem soe pajn Kaboepaten masihan subsidie ka dessa Bandjarsari sareng Tjitjapar pikeun tjeun dam desa, vergadering moepakat.

Netepkeun kohier padjeg inoeman keras moepakat teu kalawan ditjarice keun padjang (hamerpunt.)

Masihna tambah gadjih ka Djr. Sastranagara Opzichter sareng Djr. Saeraatmadja 2de Klerk kempelan moepakat saparantosna Djr. Wirapoetra njarice, jen Kaboepaten mah masihan gadjih teh teu kedah noemoek-keun B. B. L. Panoehoen B. P. M. nga damel tempat sareng kempa bensin kontrakan "Lauden aan de Zuid" kempelan ngahaminan (hamerpunt) Djr. Hardjo Djoer. Moch. Enoch, Djr. Jansen sareng Djr. Ahmad Atmadja safft ngaloearkeun timbangan tina perkawis masihan pereskot teu kalawan direntenan ka Djr. Sastranegara pikeun ngalaleuh mobil.

Saparantosna dibandingkeun sareng atoran di Provincie sareng ditimbang. timbang karesakanana mobil koe di-anggo, katoerog-toerog ajeuna barga mobil sok beuki toeroen. Raad moepakat masihan pereskot f 2200,—

Ongkos djaln Djr. Opzichter dina ngawakilan direktor 1 K.M. f 0.10 sareng toelage mobil f 75,— koe Raad ditampi.

Oeang juedoek rengrengan koemeter ditjaboet deui, beuteu dibarempag-keun.

Poerstelna Djr. Wirapoetra ngabatalkeun postoesan Raad. jen p-goe jubean noe boga rechtspersoon bae noe bisa meunang subsidie ti Kaboepaten, sakitoe dibantoe koe Djr. Voorzitter, berang eta poerstelna distemngan tiloe noe moepakat. noe sedjen kabeh nolak. Rame debatna tina ieu perkawis.

Di dieu katingali katoehananana Raad. Seuseueurna lid teu kersa diadjak loek loek. Noe parantos dipoetoes te tetep dipoetoes. Ka pajoen ngau woengkoel pagojoeban noe godu h rechtspersoon noe tiasa kenging subsidie ti Raad.

Ladjeng kempelan lid woengkoel (besloten vergadering).

Dina rondvraag Djr. H. Adjoeri njaricekeun jen djaln-djaln di Merondjaja awou, boebod sareng njoehoeunkeun wakilna rengrengan koemeter. ditambalan didjadikeun opat.

Raad moepakat sareng engke dina verg. pajoen eta wakil-wakil bade di piib.

Djr. Syrier njoehoeunkeun soepados panoehoeuna Doktor Gevest dikatoel keun njeuta njoehoeunkeun subsidie f 500,— pikeun nerkabkeun (propaganda) nolak panjakit noe gampang tepana.

Djr. Moch Enoch saajena teu iasa moepakat kana eta panoehoen, margi bilih begrooting beuteu ditampi deui koe Gedeputeerden, lantaran eta propaganda sanes kawadjaban Kaboepaten.

Djr. Wirapoetra njoehoeunkeun soe-

MULO PASOENDAN.

Sakoemaha noe parantos diwawarkeun, Pasoendan baris ngadegkeun Mulo di Tasik. Ajeuna poatoesanana ti Pamarentah parantos katampi, djadi dina ping 1 Juli 1928 teh Mulo Pasoendan ngawitan diboea.

Ngoengngeng wartos, madjar hoream koe entree! Jaktos ari bade nganggo entree tea mah, namoeng ajeuna mah moal sapertos waktos ngadegkeun H. I. S. Pasoendan, nepi ka saratoes perak. Koe bestuur Pasoendan, kalawan piremagna wakil-wakil ti oenggal golongan, entree keur Mulo ditetepkeun sakirang-kirangna sapoeleoh roepia. Oepami aja noe kersa maparin langkoeng ti sakitoe, tangtos langkoeng sae, margi ari koe artos mah pagoejoeban teh teu weleh boetoe.

Satiasa-tiasa entree, kedah dibajar dimana moeridna ditampi lebet ka Mulo. Keur noe djadi sepoeh moerid stoean ieu tangtos langkoeng sae, djalaran dina waktos ngalebetkeun mah teu kedah majar bajaran sakola Oepami diengke-engek matak oge djadi kaabotan, da nja kedah ngabantoen bajaran, nja kedah entree.

Oepami dibandingkeun sareng kedah nganteurkeun boedak ka noe tebih, oepamina bae ongkos kareta apina kening disebat entree sapoeleoh roepia teu seueur. Pertjanten pisan sakitoe mah moal matak djadi kaabotan ka sepoeh-sepoeh moerid.

Djaba ti eta dina **Sipatahoenan** parantos aja advertentie geusan ngawartosan; saha-saha noe hajang lebet ka Mulo Pasoendan kedah bebedja ka kapala H. I. S. Pasoendan. Maksudna ieu advertentie sanes keur noe nembé bade lebet, nanging keur noe ajeuna parantos aja di Mulo, oepamina bae ti Mulo Bandoeng bade pindah ka Tasik. Ari keur noe nembé mah poatoes koe njarios ka kapala sakola tempat boedak diadjar. Sapertos moerid ti H. I. S. Tjiamis, tjekap koe njarios ka kapala H. I. S. Tjiamis.

Noe bade pindah tea, kedah enggal-enggal ngawartosan, margi nampina noe moetkeun heula pandeuri datangna. Noe heula datangna, tangtos diheulakeun.

pados lampoe stormking oelah dianggo di Heerenstraat, bae.

Djalan ka Indhiang oge njoehoeunkeun dipasih margi katjida poekna. Djoer. Ahmad Atmadja njoehoeunkeun soepados Regentschapsblad kuloearna angger saminggoe sakali oepamina oenggal Saptoe soepados dina sakali nampi teh oelah seueur teuing sesah matjana sareng ngoelika.

Basa Malajoe dina notulen oepami noe aja ketjap Malajoea soepados noe dianggo ketjap Malajoe, oelah aja oenggara: „Lantaran Kangdjeng Beepati ada halangan, sebab ONGESTELD.“

Djoer. Voorzitter: „Bade ditjarieunkeun sareng diemmetkeun.“

Djoer. Hardjo njarioskeun djalan Pamaritan resak sareng loa onderneemng Panendjoan di Sidarenda pikeun mondok koeli katjida awonna. doegi ka aja noe njangka kaudang bagong. Kahade bilih bae di Tasik aja noe sapertos kitoe njoehoeunkeun dititihan.

Saparantosna teu aja deui noe bade njarios kempelan tanoh doaeng langkoeng sapoeleoh menit sonten ditoeleup.

Ieu kempelan Raad katjida saena tinggalan sim koering kitoe soteh. Komo oepami sadaja lid saroom pingna dina waktosna, djadi oelah aja noe lat.

Pamoege diaremoetkeun Djoeragan djoeragan lid.

Tockang perslah Sip.

Koedoe sabar djeung pasrah tjenah?

Sakawitna mah sim koering tatjan gadoeh emotan kana bade ngiring tjeerat tjeat deui dina serat kabat teh, mcenggoehna mah keur merlopkeun maneh tina ngaras tjapa keneh tias kapoengkoer, namoeng ana maos seratan djoeragan Soemardi dina Sipatahoenan No. 31, anoe maksudna ditoeleojoeun ka djoer. Band ouger bot teu karsa deui kerewek kana gagang kalam nja teras ujerat ieu seratan.

Sim koering sanes oerang Bandoeng, tangtos teu sanak teu kadang ka djoer Bandoeng teh, djadi paoehoeun ka djoer. Soemardi moegi oelah uganggep ka sim koering ieu verdediger ti djoer Bandoeng, ieu mah moeng woengkoel bade mintonkeun sim koering bae, djalaran dina eta seratan aja kalimah anoe kieu oenina:

„Sabar tawekal pasrah Lillahita'ala.“

Sabar tawekal tjeuah. Eta teh kanteun pisan hidji watek anoe pang saena, geuning di basa Djawa oge aja paripans anoe kieu oenina: „Wong sabar ikeu betjikt timoene.“ hartosna manawi teu lepat: Sing saha noe ngadobohan watek sabar tangtos baris pinanggih pisaeun di uchirna, dalah manawi sim koering teu lepat dina basa Arab oge nja, kieu tjeuah: „Innaloha ma'assabirina“ (jaktos kitoe djoer. Soemardi?) doekna naon pihartoseunana mah da sim koering mah teu ngartos basa Arab, moeng eta bae pedah aja ketjap „Sabirin“ koe sim koering mah di pamamauna teh nja kana „Sabar“ tea.

Namoeng koe emotan sim koering mah watek sabar teh ajeuna mah parantos sanes djamana, Sanis kanteun ksdjadian anoe toemiba ka diri oerang toer matak ngadjadikeun ka teu rasan di achirna, kedah „enggal enggal“ ngilari tarekat soepados djadi salamet. Kieu oepamina:

Oepami koelawarga oerang aja noe oedoe, oerang oelah katotoleh tjeudoeueng tinggal sabar, kedah enggal ngilari oerang, bilih noe oedoe teh

kaboedjeng kedah ka koedoe“ (jaktos kitoe djoer. Soemardi?).

„Oedoe“ teh koe emotan sim koering mah aja doe roepi nja eta: Kahidji oedoe raga, sapertos noe katerap koe kasakit pest, cholera sareng sadjabina.

Oepami djoer. Soemardi katerap koe panjakit cholera, na raso oepami wargi wargi andjeun moeng njarebat „sabar sabar sabaaaar“ bae? Kubiasana di noe sanes mah sok boer ber ngilari oerang atanapi njoehoeunkeun toeloeng ka Doktor.

Kadoea oedoe hate, sapertos ngaras sedih, toegenah sareng sadjabina.

Di loehoeur koe sim koering moeng disebat roeping panjakit anoe pang djabatna bae nja eta pest sarong cholera tea. Namoeung oepami noe katerap koe eta panjakit kabredjeng katoeloeng koe Doktor, sok aja oge noe salamet, sanes?

Nja kitoe oge oedoe (kasakit) noe karsa koe hate, sanas sakoemaha oge, manawi tiasa katoeloeng oepami enggal enggal dilandongan mah.

Oepami oerang ngaras sedih (anoe teu kiuten sedihna tea) kari kari oerang sabaaaar bae, geuning sok seueur noe otakus miring (abnormal) atanapi teras katerap koe kasakit tering (ganas). Sabar sabar keneh bae?

Atoeh toengtoengna mah nja moal zamana terasna kadjahi ti ka koedoe. Tah, ana parantos kitoe bongon saha? Sanes bongon djoeragan SABAR?

Pasrah lillahita'ala tjeuah. Eta oge sae deui bae, oerang teh memang dina saniskanten perkawis oge, kedah pasrah ka Allah. Ditjabok pasrah ka Allah, pamadjikan direboet batoer pasrah ka Allah. Naha kitoe pasrah lillahita'ala anoe djadi ageman T. (op) B. (ae) T. (arah) O. (erang), aeh poenten Djoer. Soemardi, Toelak Bahla Tawil Oemoer teh?

Naha geuning saer Djoer. mah, njasat oerang majar bae, njasat oerang boga politie ari oerang koedoe ngalawan sorangan mah. Leuheung bae ari katanagaan, koemaha ari benteu, paingiteu matak tjilaka. Ari aja mah noe hiri dengki kapan aja bagianana, anoe wadji mangmaleskeun, nja eta politie sareng hakim. His, atoeh ari kitoe mah, sanes pasrah lillahita'ala kol! Parah lillahita'alan sieuu sanes? Da ari pasrah lillahita'ala anoe enjaan mah, moal boga kapansaraan.

Djalma anoe pasrah lillahita'ala mah, hartosna narima kana papastan dirina, pasihan ti Goesti Allah, tara ngagoekat-goekat perkara majar bae, tara reueus pedah boga politie.

Ketjap Toelak Bahla Tawil Oemoer teh, koe emotan sim koering mah kieu pihartoseunana Toelak, panahan (toelak panto oepamina) Bahla, hanaja tjeuk basa Malajoe tea mah (gevaar) Tawil, pandjang, ari Oemoer mah oemoer bae.

Djadi maksudna teh, oepama oerang hajang d pandjangkeun oemoer, koe doe narekah neangan panahan (panoelak) geusan ngadjaga roepa-roepa b. h. a. j. a.

His, atoeh ari kitoe mah, lain pasrah lillahita'ala ngarutna, anoe pasrah mah, tara sok ngilari toelak, hiroep eukeur, pae soemosehoen dawoeh soemangga.

Toelak Bahla Tawil Oemoer: Di kaboel mehoen, teu dikaboel atoeh da moal enja anoe njoehoeunkeun oerang, anoe ngaboelkeun oerang keneh. Kitoe saer Djoer. Soemardi teh.

Djoer. Soemardi! Anoe sabar pasrah lillahita'ala sajaktoesa mah, moal ngaharep kana koebel kaboel kitoe, moal rek njoehoeunkeun kirang atanapi langkoeng, estoé toemarima saniskanten anoe toemiba kana dirina.

Koemaha ari sabar lillahita'ala djoeragan mah?

Sabar: Oepama oerang ditjabok batoer, meunang ari ambek tea mah, tapi oelah wani-wani ngalawan, bisi teu katauagan, leuwih hade pasrahkeun ka politie kapau oerang teh toga politie boga hakim.

Pasrah lillahita'ala: Sanadjan pae teh meunang koe embeng oge, tapi oerang koedoe - ihtar mah, malak mandar oemoer oerang bisa diieuwihan.

MOTTO T. B. T. O.

Koedoe sabar! tapi meunang ambek ari diwirang atawa dinjenieri hatoer mah, ngan oelah poho koedoe bebedja da politie.

Koedoe pasrah lillahita'ala! tapi meunang menta ari ngarasa koerang mah.

Djoer. Soemardi! Na sanes kitoe T. B. T. O. teh, ari ngaran hidji lagoe anoe sok dianggo mepende moerangkalih noe keur tjeurik, soepaja sare mah?

Noe disebat koe oerang Malajoe nina nina bobo tea?

Bantammer.

Hidji djalan keur Non Coöperators???

Geus moal aja noe bireuk, jen dina mangsa ieu, pergerakan di oerang, anoe didjaralakeun koe roepa-roepi party aja doe djalan, nja eta, Coöperatie djeung Non Coöperatie.

Ngaras oentoeng noe polara pisan henteu aja patjogregan diantara party djeung party deui, pedah aja doe djalan anoe disarorang. Komo deui saenggeusna aja federatie P. P. P. K. I. mah, djalan kana patjogregan beuki djaoeh pisan.

Djalan mana manana anoe disarorang koe Coöperators djeung Non Coöperators di dieu teu koedoe ditjaritakeun deui. Da sarerea oge pada terang jen Party Coöperators katjida ngaregepkeunana kana sagala raad-raad perwakilan tea, tapi Party Non Coöperators mah sabalikna.

Raad Kaboepaten anoe lid lidna ka rereuanana oerang pribomei, anoe tadi na. anoe djadi basa loeloegoena dina eta raad teh make basa Pribomei, ari basa anoe sedjen mah didjieuu sambianana.

Tapi ajeuna barang aja voorstel ti pamarentah, jen anoe k'edoe „djadi basa loeloego di Raad Kaboepaten teh basa Walanda“—sanadjan party Coöperators henteu pandoedje kana eta voorstel—tapi Raad Provincie geus moeteskeun ngaroedjoekun kana voorstel pamarentah kitoe teh.

Poatoesan anoe saroea kitoe, palangsang boe-boe aja matakna.

Aja tjekang komo meuntas, kapan kitoe babasaanana oge. Anoe ajeuna araja dina party Non Coöperators teh karemanana anoe barisa basa Walanda, geus henteu ambik poesing kana kajaananana Raad Kaboepaten teh Ari anoe djaradi lid Raad Kaboepaten ajeuna, kapan rea anoe kirang paham kana basa Walanda, sanadjan di tiasana oge moal njoeroep njerep tjara basana sorangan.

Kahareupna bisa djadi aja anoe ngomong kieu: Koering teh lain Non Coöperator—sanadjan enja oge Non Coöperator—emboeng djadi lid ti Raad Kaboepaten teh, da eta teu bisa basa Walanda, milih anoe sedjen koering mah emboeng, da bisi henteu pati ngarti kana basa Walanda, ajeuna mah sabodo koema dinja bae.

Lamoen aja kadjadian anoe saroea kitoe, moenggoehing ka party Non

Coöperators djadi nambahan tanaga, tapi ka party Coöperators mah henteu matak djadi karoegian. Ari sababna daruk bae didjalakeun, henteu bae, moal meunang merek Non Coöperators, da aja piketjapeun jen henteu ngarti kana basa loeloegoena tea. Sanadjan aja atoeran basana beunang disoelan salin kana basa Pribomei, tapi basa meunang njalin mah, henteu tembers tjara basa asal.

Raad Kaboepaten teh dibadamikeun nana, karemanana koe oerang Pribomei, anoe ngantet djeung oeroesan oerang Pribomei, tatjan kaharti pihadennana koedoe make basa Walanda. Nja eta at eh, a'ong basa keur nandjoeng, basa Pribomei mah nepi ka salawana kapaksa koedoe kaeleheun.

Di Gemeenteraad djeung saloehoeunana bangsa pribomei dipaksa koe doe bisa basa Walanda—meureun pedah lidna karemanana bangsa Walanda tapi di Raad Kaboepaten oge, anoe lid Walanda mah ngan oekoer 4—5 bae, bangsa Pribomei keneh bae anoe dipaksa koedoe bisa basa Walanda.

Pamarentah henteu koedoe ngewa ngewa teuing ka kaeum Non Coöperators teh, sabab kaeum Coöperators oge, anoe daek digawe babarengan djeung pamarentah, sasat dipeungpeu kan pidjalaneunana.

Asa pirakoe ari rek sina ngarean Non Coöperators oerman.???

Tjatjah.

*) Basa Walanda ngan keur oendang oendang bae. Red.

KAREP.

Atoeranana hal ibadah koe cerang sok digampangkeun, tapi naha ari di na prakna mana bet sok dihesekoun teuing. Eweuh deui pagawean anoe panghese-hesena kadjaha ti koedoe milampah kahadean. Pilakadar koedoe toeloeng sakadoegana djeuig mere sanisabna. Tapi naha mana bet koe hese-hese teuing ari ngalampahkeunana mah. Ari noe djadi soesah teh nja-eta koe lantaran oerang teu terang di kaperloean batoer. Tapi sa nadjan kitoe, lamoen enja-enja mah panghajangan terang, mo boeroeng a panggil pidjalaneunana teh. Beuki soesah nengganana, tangtos pisan beuki nimit, beuki soegema karasana, dina palebah gokna papanggih djeung noe diteangan tea, tjara satria noe moelih ti pakalangan, ngaganduang soeka manah, koe sabab oenggoel perangna.

Henteu bener ibadahna, lamoen mere ka djalma anoe teu boetoeun, noe koeteun keuh balangsir, lain ngan teu bener bae, tapi matak ngalungitkeun kajakinan, jen djalma teh koedoe bisa noeloengan maneh dina palebah papanggih reudjeung kasoesah.

Sagala djalma koedoe bisa noeloengan dirina pribadi. Kakara toeloengan batoer, moen manehna geus beak dengkk.

Tah di dieu doemoekeun toeloeng tinoeloengan anoe sadjatina.

Noeloengan anoe teu perloe, eta teh ibadah salah.

Tjontona ibadah koedoe tjara indoeng ngoroos anak, boh di djalma boh di sato. Koe loba lobana toeroeta neunanana, sakaupung mah watak helok.

Anoe lara mssakat henteu terangeunana kana kabeungharan dirina, beunghar koe pakarepan bade djeung koe kahadean lampalna. Anoe tampa daksa, anoe djompa, naha bet sakaupung mah sok bisa toeloeng.

Saha-saha noe ngadaraman djalma anoe sangsara, lantaran koe hade oetjap hade boedi, bakal kaget koe papanggihana, koe loba-lobana anoe beda ti panjana. Soegun teh si ieu noe bisa njoemponan kawadjabana teh, sihareng bet si lloe.

Ibadah teh lain ka manoesa bae, tapi ka sato hewan oge. Sato taja binana djeung djalma, pada boga kajuah reudjeung kanjeri. Ngan bedana teh dina imahna. Kadjaba lamoen dipeuntit dahareun atawa dipaelan lantaran marga hala ka diri oerang atawa ugaroeknak pakaja, tapi k'edoe didjaga oelah sina nandang kanjeri lila.

Henteu salawasna kaperloean batoer bisa babarengan djeung kaperloean oerang. Dimana aja katjilakan anoe keuna ka nagara atawa ka djalma loba, palebah dieu kaperloean sorangan koedoe korbankeun kana ibadah noe taja pangarah tea. Lebah dieu tempat pikeun ngoeroes diri sorangan teu aja, kaganti koe wadji noe loeng sasama manoesa anoe sangsara. Komo deui oepama oerang ngingetkeun, jen pangna oerang daek ngalakonan hiroep teh lantaran koe njalah, ka lemah tjai sorangan, djadi wadji boemela, moen lemah tjai oerang kataradjang toenggara. Tah koe ngalam pahkeun kieu teh engke tangtos katebong, koemaha kaaloesanana ari ibadah.

Toean Dieckens, hidji pangarang anoe kotjak, geus medar hidji tjaritana kieu: „Aja hidji djalma, ngaranna David Copperfield, boga hidji doeloer koekoet awewe, kateluhna Agnes.“

Katjarieun era David Copperfield teh mikabajang hidji awewe moe ka teluhna, Dora. Bakating koe njalah njaluhna Agnes ka doeloer sakoekoetna tea, nepi ka lat poho kana dirina pribadi. Didjendjeuhkeun, dipakihikeun, dibelaan nepi ka kawinna.

Lila lila David Copperfield doeda, lantaran Dora tilar doenja.

Dina sadjeroning doedoelan bet kkkara koe manehna kaharti reudjeung krasa, jen manehna gede pisan doeriatna ka Agnes teh. Bakating koe teu kataban pok bae koe manehna ditanjaan sakali, Ana diwalon teh kieu: „Eh, akang, ajeuna koering waktja balaka, ti baheula nepi ka ajeuna oge koering teh teu pegat pegat mi katjinta akang.“

Tah koedoe kitoe oerang hiroep ngabelaun deungeun teh. Lamoen bisa, kaperloean oerang sorangan koedoe karampid dina sadjeroning noeloengan batoer teh, tapi moen teu bisa mah, keun bae heulaanan.

Koedoe kitoe nja lampah teh, moen arek nembongkeun kaaloesanana karep hade.

Galibing djalma ana digawe teja anoe dipalar nja eta kahormatan atawa doei sarta sok reboet tawar heula samemeh prak teh. Tapi oge deui noe tara ngahargikeun, tapi narima kana panghargaan anoe mere pagawean, lantaran poko anoe djadi maksod lain njari kaontongnan atawa ngoedag ngoedag kahormatan, tapi sadja ngomean lampah sapoena, sangankeun loeje reudjeung roekoer anoe didjieuu koe manehna tea. Eta sababna noe matak pokna oge, pangna ibadah teh lain deuk ngoedag-ngoedag kahormatan, tapi malah maular ginandjar kahormatan.

Lamoen oerang teu boga roekoer hiroep, katangtoean hiroep sapopoer, ato h hamo poegoe hshsanana, hamo poegoe anoe didjoejdjeug. Eta sababna noe matak lain lampah, tapi roekoer anoe ngadjoengdjoeng ngaloerkeun oerang teh. Katjilapisan matak bebata, lamoen seug

PANEMBRONG

Dangdanggoela.

1. Pikir meulit teu weléh njoeng-kelit, henteu koeat lantaran tibelat, karoentjang ratoeng pelet, keukeuh hajang saloelot, ngahidjina noe leuwih delit, henteu lepot sakilat, dibelaan gelot, meun aja noe wani megat, noe ngahadja hiri deugki ngaroeroedjit, megat kana duerist.

2. Nja iraha aja milik diri, diri koering anoe kapidara, raga asa dimomore, ngentab asa dihoroe, roedet ati sanoebari, ripoeuh teu kira-kira, raga djadi kotroe, dirangsing koe noe ngoembara, abong doui henteu kendat dinjenjeri, matak lara sungsera.

3. Koe angkanaan keukeuh lajang djadi, moal bosen babari toemada, sanadjan roemasa bodo, bonteng mapandean kadoe, tapi tjarek noe berboedi, dapou nahan gogoda, laksana mah koedoe, kelas raga iklas banda, bebeakan katoet ka diri pribadi, beulah sirah bentjar dada,

4. Horong keukeuh pangudjakna ati, ati anoe teu petot kabita, mikasano ti barito, awal ahir geus tangtoe, pamaksoedan laksana boekti, keureteging panjpta, anoe moal boetoe, blihar sagala peta, ngan saratna koedoe titi djeung goemati, uelau katoenta-loerta.

5. Hajang tjeurik tri ras koe milik, bagdja awak milik ngan sakoelek, djawa tombok koedoe elok, tjing atoeuh geura bloek, sing aringet jen baroga milik, esloe milik moelak, sanadjan geus laelek, dipaksa koe noe garalak, lam eu inget watek doenja boelak balik, soegan beunang ditoelek.

S.

Djrg. T. B. T. O.

Barang ret pribados ningal seratanana Djrg. Soemardi Voorzitter T. B. T. O. noe maksoedna nerangkeun maksadna perkoempoelan T. B. T. O. sareng ngadjawab kana seratanana Bandoeng; pribados kapaksa njerat koe margi asa teu kahartos baliwet eta katrangan teh.

Leresan: "Njasat boga poelisi ari keredoe males koe soragan".

Noe ditoeledje koe T. B. T. O., keredoe sauar, tawekal, pasrah lilahi Ta'ala, ari ajeuna tet masih keuh masrahkeun ka poelisi. Atoeh pasrah sareng tawekal teh henteu bener, lantaran ari kitoe mah lain tawekal ka Allah, ngaranna tawekal lipoeleli Koe djahin eta mere tjiri jen T. B. T. O. mudjar teh pasrah lilahi Ta'ala.

Saoer Djrg. Soemardi: "Djalma teh perloe oesaha soepaja manggih kasenangan".

Beu, hese deui bae oepami dionedag koe T. B. T. O., sabab teu koeor seuang balas kageumbring geumbring koe uelak babia.

Djoeragan T. B. T. O. kendor kendor koe ngagembol, gantjang oge balik lengoh-balik lengoh, lantaran beakeun koe batoer.

Saoer Djrg. S.: "Wajahna hese tjape oelah tjampoer djeung soetaha." Tah, sauer Djrg. kitoe teh moepakat T. B. T. O. noe hese tjapeua, hoe-boeh tipehna, tapi noe seubeuhna latour. Naha Djrg. moal soebahn oepama kitoe? Kawasna bae Djrg. tangtoe bream, ari bagian ripoeuhna bae mah.

Saoer Djrg. S. deui: Keredoe pasrah lilahi Ta'ala teh koedoe geus oesaha, dimana geus scep tarekah djeung taunga.

Edanas, beu, mahiwal deui bae. Aja pasrah lilahi Ta'ala geus beak tarekah djeung taunga, atoeuh kitoe mah lain tawekal lilahi Ta'ala sabab tawekalna kapaksa koe teu beubeu-

ngangan, kawasna lamoen beubeunangan mah moal kitoe nja Djrg! Moal Djrg. disoeboet tawekal palseo? Kapan Allah mah saes tara beunang dipal-soe! "Innaloha 'almoen bidatis sjoedoer."

Deui sauer Djrg. S.: "Atoeh peroesahaan oerang kedah djadi tjeuk oerang mah, kaasap kana oedjoeb, ria takaboer soem'ah."

Djoeragan S! Naha kedah koe saha atoeuh djadina eta peroesahaan oepama teu didjadikeun koe noe migawena, da tangtoe moal aja toengtoengna, oepama kitoe mah djeung deui oepami teu koedoe djadi tjeuk oerang, tangtoe moal toeloes oesahana, lantaran njmpen hate teu pertjaja kawa pagawean sorangan.

Ka pagawean pagawean batoer koe pertjaja, kana pagawean sorangan ge henteu.

Kitoe deui ngoetjapkeun sjahadat oge, pikeun djalma anoe teu pertjaja kana pagawean dirina sorangan mah tangtoe tatal, da eta ngoetjapkeun sjahadat teh pagawean diri sorangan.

Saoer Djrg. S.: "Djadi henteuna pagawean oerang sanes bagian oerang." Bugean saha atoeuh, Djrg? Goesti Allah mah teu boetoeheun koe djadina pagawean oerang. "Innaloha lagonijoen 'anil 'alamin."

Saoer Djrg. S.: "Paeh teh teu kenging dianggo kasieun da eta mah kadar; Namoeung samemeh doegi kana kakar koedoe oesaha heula satiasatiasa."

Emoetan pribados, njasat oeninga di kadar, ari kedah oesaha heula mah, sareng ti mana oeningana kana samemeh kadar sadjeroning oesaha, da oesaha teh nja kadar tea.

"Djadi rintangan kana reroet wet nagara, oepami wet agama oge di-roet?" sauer Djrg. S.

Oepami Djrg. S. noeroet wet agama sareng oeninga anoe saenja-enjana kana wet agama, tangtos oeninga kana rintanganana sareng tangtos djadi kasalahan ka nagara, djalma djalma anoe ngoekohlan kana agama mana oepama eta nagara beua ti wet agama.

Saoer Djrg. maksoedna noe ditoeledje koe T. B. T. O. teh ngabantoen tina dadasarna elmoeua Nabi Moehammad s. a. w. Jaktos Djrg. dadasarna elmoe Kandjeng Nabi Moehammad mah kitoe, tapi ari T. B. T. O. mah soelaja kabina-bina.

Achiroekalam; "Allohoemma ba'idna min djamijati T. B. T. O. liannahoe djamijatoedj djoehalah." amin! amin! amin! amin!

Tjabe Garoet.

P. N. I.

Dina tanggal 8 Februari 1928, pasosore, wakli Sipatahceuan di Bandoeng ka boemina Djrg. Ir. Soekarno Voorzitter Hoofdbestuor Perserikatan Nasional Indonesia (P. N. I) naleng-teng bab adeganana eta pagoejoeban.

Ti Voorzitter Hoofdbestuor P. N. I. meunang roepa-roepa katerangan sa-perti ieu anoe baris ditjaritakeun di tjaritakeun di handap.

Dina pertengahan taon 1927 di Bandoeng geus diadegkeun hiji comite. anoe toedjoeanana hajang ngadegkeun hiji pagoejoeban politiek.

Ari anoe djadi rengrengan tina eta comite teh, ja Ir. Soekarno, Ir. An-wari, Dr. Tjipto Dr. Samsi, Mr. Iskq djeung Mr. Sartono.

Ari anoe dipigewe koe eta comite teh, nja eta ihtar neangan djalan, soepaja bisa ngadegkeun hiji pagoejoeban anoe toedjoeanana woengkoel pikeun ngoedag kamerdikaan bae. sarta oelah pabentar djeung pagoejoeban - pagoejoeban politiek anoe ajana geus leuwih theula. babakoena pisan djeung pagoejoeban pagoejoeban politiek bangsa priboeumi, kome deui djeung pagoejoeban priboeumi anoe make dadasar kabangsaan mah.

Heuleut doea atawa tiloe beulan tina saenggeusna ngadegkeun comite tea, toeloeh lae ngadegkeun hiji pagoejoeban anoe make ngaran "Perserikatan Nasional Indonesia."

Samboengeun.

Bangsar modern di dessa.

Tanggal 4 boslan Poeasa djoeragan Wirja Atmadja di Maudirantjan (Che-ribon) geus kapalingan. Eta bangsar ngeber panto toeloeh moeka gerendel. Toeloeh soep ka kamar sarta mawa barang barang mas paniti, kebat euz.

kira-kira barga f 150. Barang eta bangsar rek neangan barang noe sedjen deui make haterij, kanjahoan lantaran geus waktos sauer. Bangsar loempat mawa barang-barang. Moega moega bae poelisi bisa geuwat mang-gih katerangan.

Kabar dagang.

BATAWI 28 Feb.

	Dit.	Naw.	Lak.
Kopi Rob. Pal. s. k.	—	—	59 ³ / ₄
Pedes Lampoeng	—	—	165 ¹ / ₆
Pedes bodas	—	—	259
Karet Sheets	76 ¹ / ₂	—	—
Minyak sereh A	—	1.82 ¹ / ₂	—

Soerabaja.

Goela pasir No. 1 dit.	14 ¹¹ / ₁₆ —15
naw.	14 ¹³ / ₁₆ —15 ¹ / ₈
No. 2	13 ³ / ₈ —13 ³ / ₄
Karet Sheets + Crepes lakoe	f 0,75

K A B A R

(Tina s. k. sanes)

Goengeng Rakata di Selat Soenda masih sok disada keneh bae, ngan biroena henteu katjida djadi naon noe kalocar ti kawah henteu tembong loehoerenu laot.

—o—

Bedjana Toean Besar moepakat oepama Departement Onderwijs dipindahkeun ka Bandoeng. Tapi aja bedja deui ti pihak sedjen, jen Pamarentah sajeuna mah moal moepakat oepama Dept Onderwijs dipindahkeun ka Bandoeng.

—o—

Tjek Fadjar Asia di Madjalaja diadegkeun Pagoejoeban Dagang Indonesia.

—o—

Doctor Joesoef di Batawi dipoetoes koe Landraad di Batawi koedoe moelangeun doeti f 2250 ka oerret Pasirah (Koewoe) Moerdjan. koe lantaran Dr. Joesoef baroto geus menta boeroeh gede teuing pikeun ngoebaran eta Pasirah, nja eta f 3000.

—o—

Lima Militer bangsa Menado geus meunang hoekoeman 7 à 5 taon. lantaran diua boslan Juli 1927 geus miloe tjampoer djeung koemuis rek berontak.

—o—

Toean Meijer Ranneft A. R. Pati rek diangkat djadi Resident ter beschikking di Djawa Tengah. Tiua Lid Volksraadna rek eureun.

—o—

Basalama noe njeun acceptatie palseo sarte dihoekoem 1¹/₂ taon geus menta appel, tapi hoekoemanana tetep.

—o—

Diangkat djadi Tijd Landrechtter di Pakalangan R. S. Mangkoesoebroto, djadi Voorzitter Landraad Patjitan Mr. Hoesein Tirtaamidjaja ti Bandoeng, djadi Voorzitter Landraad Kraksaan Mr. R. Sastioadi poetranto, djadi Voorzitter Landraad Ternate Mr. Mas Sarif Hidajat djadi Voorzitter Landraad Pamekasan Mr. R. Satohid Kartanegara (P. P.).

H. V. A. bedjana menta ka Goepereum 600 000 tanah di Timor pikeun njeun onderneming.

—o—

Kapal api "Medan", naradjang parahoe noe ngala laek ti Dermajoe. Parahoe kalem, oentoengna djelemana 12 katoelogan koe kapal "Medan" sarta dibawa ka Batawi.

—o—

Djoeragan R. A. A. Wiranatakoesoema ngadamel propaganda soepaja di Den Haag aja masjid pikeun kaum Islam.

—o—

Di Brussel aja hiji oerret moerid sakola kapal hiber bisa njeun mesin hiber noe naekua djeung toeroenna teu kalawan madjoe heula, djadi ngapoengna lempeng ka loehoer (loodrecht) (Ind. Court).

—o—

Di deukent Pakalangan aja pabrik petasan noe bangsa Tionghwa bitoe. Doea koeli noe maot djeung hiji noe tatoe parna

—o—

Tarip kereta api N. I. S. rek di-toeroenkeun deui, soepaja bisa moemoesoehan (Concurreren) djeung autobus. (Iraha tarip S. S. rek di-toeroenkeun? Corr.).

—o—

Sakola Mulo „Pasoendan” di Tasikmalaja.

Dina sasih Juli 1928 di Tasikmalaja bade diboeka sakola Mulo subsidie koe pagoejoeban „Pasoendan”.

Eta sakola bade ngajakeun doea voorklas sareng hiji klas hidji.

Sepoeh-sepoeh noe bade ngalebetkeun poetrana disoehoeunkeun, kersa ngawartosan ti ajeuna ka Kapala H. I. S. tempat sakola poetrana (zie pag. 71)

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat pateat dan lain lainnja, Minneman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boucilla, dan pekakas potret.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENC).

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Karet Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michella, Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (nnderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) sa-perti Beureun, hedjo, bla, konsng kolot, bodas sareng ngango strip roepa-roepa, aja deui anoe ngango leter monogram koe aer mas, ane pisan pikeun soepener.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe pantes kasohor kakoe-watanana, dina waktos ajeuna keur rame pisan anoe ngarango bedil angin (windbuke) pikeun plosiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoe, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana piparaan, heularg, kalong, sareng sadjab ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos lisa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu ngango venguning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5¹/₂ sareng 4¹/₂, nja eta merk B. S. A. anoe masher kaktiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjokoep, sadjab ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalma (noe 12 djalma), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjokoep guenting mesin anoe parantes masher kasae-anana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjadi kawarasan, atawa kasihatan.

ELECTROTECHNISCH BUREAU

C. A. GRANPRÉ MOLIÈRE

Naripan No. 103 Telefoon No. 2120

B A N D O E N G.

Mendjoel dan bikin betoel MAGNEET, Dynamo, Starter, Accu, Doico enz.

Segala barang jang didjoel dan dibikin betoel. dengan me-make tanggungan (garantie)

Kaloe toean maoe taue, kebaikan dan kabagoesannja daganngan dan pekerdjaan saja, diharep toean menjaksiken ke tempat saja, atawa bertanja kepada saja poeua langgaungan langganng.

BANDOENGSCH - COIFFEUR.

Tjikoedapateuh t/o Passar Kosambi No. 210 B A N D O E N G.

Saniskanten pangatoeran noemoetkeun kasopanan (modern) padamelan ditanggul moal aja tjawadeunana.

Mangga enggal njobian!

T A R I E F

Haarknijpen (ngagoenting rambut)	0.50
idem (moerangkali)	0.35
Scheeren (diparas)	0.25
Haarwaschen (dikoeramas)	0.25
Friction	0.25
Slipen	0.50

Noe ngadjeng-ngadjeng

O E D I T

Eiger aar

TOKO Universeel Agentschap NIC MULLER

Goenoenglaoe 15 Telephon No. 26. TASIKMALAJA.

Nembe nampi Verbandtrommel (tempat oebar kaperloean sadi-inten).

Perloe keur sadaja djelema noe tobih ti doktor.

Katjida perloean keur sadisan di bale desa soepaja sadaja djelema bisa dioebaran oepama potong, raheut, ragrag, barareuh, njeri beuteung, njeri panon katjida atawa dipatjok oraj

Dina ieu verbandtrommel sadia sagala roepa oebar kaperloean sapoepoe.

Tjobi soemping ka Toko atanapi njeratan engke diterangkeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng

NIC MULLER.

N. B.

Di toko kenging moendoet prijcurant teu kedah majar.

TEGEL FABRIEK „NAJA”

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, le ton buizen (koeloewoeng) sa reng beton roosters.

Pangaos sareng kaktiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiada di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

S. Najawilaga.

Nembe medal!

Goegoeritan pangadjaran ngadandina f 0.07

Kalepatan poetra, dosana iboe f 0.50

rama I f 0.30

Rasiah koesir II f 0.45

Neng Hajani f 0.50

Nampi padamelan tjitakad boekoekoe.

Toko en Drukkerij

„PASOENDAN”

Tasikmalaja.